

## 7 KOUT KLEWON POU MOUN PASE ALAKSYON

### #1

**Bat pou gen mòd gouvènman divès moun patisipe ladan, ki entegre tout moun, ki gen apwòch ki baze sou dwa moun a tout nivo yon fason pou rezoud pblèm inegalite estriktirèl nan sistèm pwodiksyon manje ki egziste.** Monte plizyè pwosesis ak platfòm politik sou prensip transparans, prensip patisipasyon tout moun, ak prensip pataj pouvwa. Sa va sa ki kondi politik yo se pa nan bay prèv sèlman, men se etik ak enterè piblik tou.

### #2

**Fè plis rechèch gras a metòd ki baze sou kèk sistèm, nan mete plis aksan sou objektif ekolojik, objektif sante, objektif sosyal ak objektif ekonomik ki makònen ansanm.** Rekonèt epi aprann apati divès sistèm konesans ak divès mòd konesans, tankou moun endijèn yo (pitit tè peyi a) ak kiltivatè ki te rekonèt depi byen lontan koneksyon ki genyen ant tout sistèm manje yo, lasante ak planèt tè a kote youn depann de lòt. Mòd konesans konplè sa a ki anglobe plizyè branch e ki gen tout kalite moun ladan, ki fè yo konprann efè sistèm manje yo, se yon bagay ki esansyèl (enpòtan anpil) pou byen tout popilasyon an.

### #3

**Se pou nou rekonèt efè politik sistèm pwodiksyon manje a genyen sou sante, sou anviwònman an epi sou vi sosyal moun epi sèvi ak konesans sa a pou ede nou pran kèk desizyon.** Sèvi ak Sistèm Kontablite ki pran tout bagay an konsiderasyon epi ak lòt sistèm evaliyasyon epi ak lòt metòd pou kontwole ris epi pou ogmante transparans. Apwòch sa yo va gide gouvènman, investisè, kiltivatè, konpayi, ak lòt moun ki enterese yon fason ki konsistan epi ki transparan.

### #4

**Kondui finansman sektè piblik ak politik bidjetè al nan mòd agrikilti ki kapab renouvle e ki pote avantaj pou anviwònman an, nan manje ki bon pou sante ak nan mòd vi e nan kominote ki gen bon jan rezistans.** Wete kò nou anba pogram sibvansyon ak pogram rekonpans ki plis fè tò, pandan n ap parèt ak refòm ki byen kalkile e ki dirab gras a kolaborasyon ant gouvènman, kiltivatè, bank ak antrepriz, save k ap fè rechèch ak lòt sektè ki konsène.

### #5

**Debloke plizyè opòtinite investisman nan sistèm manje dirab epi òganize bayèdefon prive, filantwopik epi sa ki soti nan plizyè peyi ansanm avèk divès sektè k ap fonksyone nan peyi a pou yon pi gwo enpak.** Tout lajan ki soti nan òganizasyon byenfezans, nan ajans ki bay don, nan investisè, nan bank epi ki ale nan aktivite ki plis fè tò, koupe yo epi voye kòb sa yo nan inisyativ ki ankouraje, ki akselere epi ogmante transfòmasyon nan sistèm manje.

### #6

**Kreye bon jan anviwònman kote teknik agrikilti ekolojik ak apwòch renouvlab kapab fè gran pwogrè.** Asire nou sèvi ak yon sistèm apwòch ki santre sou yon wòl fò pou enstitisyon lokal, pou kominote, pou ti kiltivatè, pou moun endijèn, pou fi, pou pwoteksyon ak ogmantasyon dwa, pou bon amoni politik e kowòdinasyon nan gouvènman, pou mobilizasyon rechèch, plis investisman ak finansman pou enfrastrikti (tankou wout, lekòl, mache).

### #7

**Ankouraje yon dyèt konplè, ki bon pou sante, ki kore ak yon pwodiksyon manje ki dirab epi ki pwodui tout kalite ki adapte ak ekosistèm lokal la epi ak kontèks sosyo-kiltirèl la.** Kreye anviwònman pozitif kote ki gen manje ki pèmèt tout moun vini nan espas la, ki ofri konsèy sou sa pou moun manje, epi gen kontwòl sou manje yo transfòme anpil. Apwòch sa yo va apiye chanjman nan dyèt moun pou yo manje manje natirèl epi ki dirab, manje ki pa sibi anpil tretman ki plis soti nan plant, bèt ak pwoteyin ki soti nan lanmè, sitou nan kote moun manje anpil vyann epi grès ki pa bon pou lasante oubyen kote konsomasyon sa yo ap ogmante nan pwèn kote sa mete sante moun ak/oswa sante planèt la an danje.